



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY DETAY KI NAN AMANDMAN 30 JOU Y AP AJOUTE NAN
BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2019 LA**

Amandman yo Prezève Dediktibilite SALT yo Atravè yon Sistèm Opsyonèl ki Baze sou Anplwayè yo, Kreye Nouvo Fon pou Don Charitab yo, epi Dekouple New York Soti nan Kòd Taks Federal la

Finanse Vòt Antisipe Atravè Eta a, Pwoteje Timoun yo kont Agresè Seksyèl yo, Entèdi Kontak Seksyèl Ant Ofisye Lapolis yo ak Moun yo Detni yo epi Konbat Kriz Fentanil la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse amandman 30 jou yo ajoute nan Bidjè egzekitif Ane Fiskal 2019 la, ki gen ladan lejislasyon pou pwoteje kontribiyab New York yo kont ogmantasyon taks federal yo. Amandman yo gen ladan lejislasyon pou kreye yon nouvo sistèm Chaj Fiskal sou Salè Anplwayè yo (Employer Compensation Expense Tax, ECET), k ap pèmèt anplwayè k ap patisipe yo pwoteje anplwaye yo kont ogmantasyon taks federal yo. Lejislasyon an ap kreye de nouvo fon pou aksepte don pou finanse pwogram swen sante ak pwogram edikasyonèl yo, sa k ap pèmèt kontribiyab ki detaye dediksyon yo pou yo dedwi don sa yo nan taks federal yo. Finalman, amandman bidjè a yo ap gen ladan dispozisyon pou dekouple kòd taks eta soti nan kòd taks Federal la pou evite kontribiyab Eta a yo gen ogmantasyon plis pase 1.5 milya dola sou taks eta a yo akòz de ogmantasyon taks Federal yo.

“Bidjè Ane Fiskal 2019 la pwoteje Nouyòkè yo kont atak k ap soti nan Washington yo epi l ap ede fè vanse ajanda pwogresiv, odasye nou an pou fè New York vanse vè lavan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aprè nou te travay ak espesyalis ak pati konsène yo, mwen ap fè vanse plis refòm atravè amandman k ap ajoute sou bidjè sa yo pou pwoteje kapasite pou nou rete konpetitif epi ede pwoteje rezidan yo kont atak ekonomik gouvènman federal sa a.”

Lejislasyon ak narasyon pou tout amandman ki ajoute nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019 la yo disponib sou [sitwèb](#) Divizyon Bidjè Eta New York la (New York State Division of the Budget).

Amandman kle yo gen ladan:

Pwoteje Kontribiyab New York yo kont Atak Refòm Taks Federal la: Yon rezime refòm taks yo pwopoze a disponib [isit la](#). Detay Lejislasyon yo mete ak amandman 30 jou yo pral pwoteje kontribiyab yo lè li:

- **Kreye yon nouvo Chaj Fiskal sou Salè Anplwayè yo:** Anplwaye yo pral kapab chwazi patisipe nan yon nouvo sistèm ECET. Anplwayè ki chwazi patisipe yo pral peye yon taks senk pousan sou tout depans salè anyèl ki plis pase 40,000 dola pa anplwaye, sa ap konplètman antre an vigè pandan yon dire twa zan kòmanse apati 1 Janvyè 2019. Sistèm taks sou revni pèsonèl pwogresif la ap rete an plas, epi nouvo kredi taks konrespondan an valè ki nan ECET a pral redwi taks sou revni pèsonèl sou salè a epi asire kontribiyab Eta a yo ki peye ECET yo pap santi yon rediksyon nan salè nèt yo. An jeneral, yo te konsevwa pwopozisyon an pou l ka net sou plan revni pou eta a pandan l ap bay anplwayè yo opòtinite pou yo redwi taks federal anplwaye yo. Anba lejislasyon an, delè pou premye eleksyon anyèl pou anplwayè yo chwazi patisipe nan sistèm altènatif sa a pral 1 Oktòb 2018 pou ane fiskal 2019 la. Pou sila yo ki chwazi patisipe, twazan l ap pran pou pwogram lan konplètman antre an vigè pou nouvo taks sou salè ki plis pase 40,000 dola a pral gen ladan yon to 1.5 pousan nan premye ane a, 3 pousan nan dezyèm ane a ak yon to 5 pousan nan twazyèm ane a.
- **Agrandi Opsyon pou Kontribisyon Charitab Dedidiktib yo:** Lejislasyon an kreye de nouvo Fon Charitab (Charitable Funds) eta ap opere pou yo aksepte don pou rezon ki konsène amelyorasyon swen sante ak edikasyon nan New York. Kontribiyab ki detaye dediksyon yo ka reklame kontribisyon charitab sa yo kòm dediksyon nan deklasyon revni Federal ak Eta yo. Nenpòt kontribiyab k ap fè yon don ka reklame tou yon kredi taks Eta ki egal a 85 pousan nan kantite don pou ane taks ki vin apre yo fè don an. Lejislasyon an ap otorize distri lekòl yo, konte yo, ti vil, vil ak vilaj yo tou, pou yo kreye fon charitab pou edikasyon, swen sante, ak lòt zafè charitab ankò. Don yo fè nan fon sa yo pral ofri rediksyon nan fakti enpo lokatif lokal yo (atravè yon kredi lokal) ki egal a 95 pousan nan valè don an.
- **Dekouple soti nan Kòd Taks Federal la:** Kòd taks eta a aliye depre ak kòd taks Federal la. Lejislasyon sa ap dekouple kòd taks eta a soti nan kòd taks federal la, kote sa nesèsè, pou evite plis pase 1.5 milya dola nan ogmantasyon taks Eta a sèlman apati ogmantasyon sou taks Federal yo. Refòm taks Federal la limite dediksyon detaye pou taks Eta ak lokal yo (State and Local Taxes, SALT) a 10,000 dola. Gouvènè a pwopoze pou dekouple soti nan limit sa, pou kontribiyab Nouyòkè yo pa peye 441 milyon dola ogmantasyon taks Eta k ap soti nan montan atravè limit sa a ale nan deklarasyon taks sou revni Eta a yo. Lejislasyon an dekouple tou soti nan chanjman dediksyon Federal yo, sa k ap fè kontribiyab eta yo ekonomize 269 milyon dola chak ane kòmanse apati Ane Fiskal 2020 an. Amandman 30 jou yo pral mentni tou dediksyon estanda Eta a pou moun k ap ranpli taks kòm selibatè yo. San chanjman sa, moun k ap ranpli taks kòm silibatè yo pap kapab pran dediksyon estanda sou deklarasyon taks Eta yo, epi kontribiyab New York yo pral sijè a yon ogmantasyon taks Eta anyèl 840 milyon dola k ap kòmanse apati Ane Fiskal 2020 an.

Fè Vanse Rekòmandasyon Koutèm Komisyon FIX NYC a fè yo:

Y ap fè vanse rekòmandasyon koutèm ki soti nan Fix NYC yo kòm dè pa imedya k ap fèt vè lavan. Yo pral konsidere rekòmandasyon adisyonèl komisyon an avèk Lejislati a pandan negosyasyon sou Bidjè Ane Fiskal 2019 la ap kontinye.

- Otorize Vil New York la pou l kreye yon pwogram pilòt pou fè respekte kontravansyon sikilasyon Bare Bwat la (“block the box”) yo avèk itilizasyon sistèm siveyans nan kafou ki sitiye osid 60th Street nan Manhattan lan pou redwi kontravansyon sikilasyon k ap bloke ri vil la yo epi k ap ravaje pasaj sikilasyon an.
- Bay Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation) ak Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles) lòd pou yo mennen yon revizyon global sou egzijans operasyon, règleman, sipèvizyon, lisansman, ak sekirite ki konsène bis pasaje, bis nolize, ak bi ki tè toune yo ki kontribiye nan blokis ki konn gen nan Manhattan yo.
- Fè komisyon Fix NYC a travay pou yo bay rekòmandasyon pou NYC TLC konsènan ekipman espesifik yo ta dwe enstale nan tout machin taksi ak veyikil pou anboche yo, pou zafè ki gen rapò ak enstitiye yon frè adisyonèl sou trajè k ap soti oswa k ap abouti anndan lespas yon zòn jewografik etabli, epi ba NYC TLC kòm misyon pou yo tabli teknoloji ak estanda inifòm pou rezon sa.
- Komisyon Fix NYC a gen pou l travay pou yo bay rekòmandasyon sou kijan pou yo pi byen revize pwogram afichaj nan Vil New York la pou redwi izaj ekseksif ak abi. Nan yon fason espesifik, komisyon an pral egzamine konsepsyon, kritè pou emèt oswa reyemèt, mezi pou fè respekte ak responsabilize, ak nenpòt aspè nan pwogram lan epi fè rekòmandasyon pou ajans apwopriye vil la yo, ki pral pibliye règ ak règleman yo, pandan y ap pran rekòmandasyon yo an konsiderasyon, pou redwi abi.

Ofri Vaksen kont Grip pou Timoun Kèlkeswa Kapasite pou yo Peye: Lejislasyon an kodifye Dekrè Ekzekitif No 176 la, k ap egzije pou famasyon yo administre vaksen kont grip bay timoun ki gen ant 2-18 an yo, epi sispann seksyon nan lwa edikasyon an ki limite otorite famasyon yo genyen pou administre ajan iminitè pou nenpòt moun ki gen mwens pase 18 an.

Pwoteje Timoun yo kont Agresè Seksyèl yo: Mete restriksyon sou agresè seksyèl yo kote viktim yo te gen mwens pase 13 zan pou yo pa sikile oubyen viv toupre lekòl kote timoun piti pral aprann, epi y ap entèdi agresè yo pou yo viv nan kay oubyen azil tanporè oubyenabri ijans kote fanmi yo rete tou. Ekzije Komisyon Depatman Koreksyonèl ak Sipèvizyon Kominote (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) pou jwenn yon lis lekòl nan men Depatman Edikasyon Eta a (State Department of Education), epi distribiye lis sa a bay depatman pwobasyon ak libète kondisyonèl pou asire delenkan seksyèl rete lwen lokal sa yo.

Fon pou Vòt Antisipe nan New York la: Ofri apeprè 7 milyon dola nan Bidjè egzekitif Ane Fiskal 2019 la pou konte New York yo ofri opsyon pou moun vote bonè nan 12 jou ki vini anvan Jou Eleksyon an. Lejislasyon sa a egzije pou chak konte yo ofri rezidan yo

aksè a omwen yon sit biwo vòt antisipe pandan 12 jou ki vini avan Jou Eleksyon an. Elektè yo pral gen omwen uit èdtan nan jou la semèn yo ak senk èdtan nan wikenn pou yo depoze bilten vòt yo. Konte yo dwe genyen yon sit biwo vòt antisipe pou chak 50,000 rezidan epi konsèy administratif komite bipatizan yo pral detèmine lokalite espesifik pou biwo vòt la ye, ki sijè a estanda pou aksè ak konvenyans yo.

Entèdi Vant Marigwana Sentetik (K2) yo: Ajoute 36 diferan konpozisyon chimik nan Lis sibstans reglemante eta a. 36 konpoze yo, yo konn rele K2 yo, te deja nan lis sibstans reglemante federal la men yon sèlman entèdi yo nan kèk konte nan Eta New York. Mezi sa a pral asire ke manifakti ak vandè nan tout konte New York yo nèt sijè a menm sanksyon kriminel yo.

Konbat Kriz Fentanil la: Ajoute nouvo tip dwòg ki idantik a fentanil lan yo nan lis sibstans reglemante eta a epi bay Komisè Depatman Sante Eta New York la otorite pou li ajoute kèlkeswa nouvo dwòg yo te ajoute nan lis federal la, sou lis sibstans reglemante eta a.

Mezi Represif kont Move Konpòtman Medsen yo: Komisè Sante a pral bay medsen yo akize de yon krim ki lye a pratik medikal yo kote yo sispèk konpòtman yo a ka reprezante yon danje piblik pou yo imedyatman sispann pratike medsin, epi pou jwenn yon manda pou fouye biwo, kay ak zafè pèsònèl yon medsen yo akize yo. Anplis, lejislasyon an redwi tan repons pou ofri dokiman ki apwopriye.

Ranfòse Pwosesis Disiplinè pou Anplwaye Prizon yo: Lejislasyon sa ap bay Komisè a plis kapasite pou li pini sila yo ke yo te dekouvri ki te komèt zak move konpòtman ki grav yo, ki similè a otorite ke yo te bay lòt ajans fòs lapolis yo, ki gen pami yo Lapolis Eta New York la. An plis, pou kòmanse, pwojè lwa sa ap modènize pratik anbochaj Depatman an pou asire ke yo pa anboche moun ki pa ranpli kritè yo.

Entèdi Kontak Seksyèl Ant Ofisye Lapolis yo ak Sila ki nan Detansyon Pwovizwa yo: Tabli enkapasite pou yon moun bay konsantman lè yo arete l, detni l oswa li nan detansyon pwovizwa nan yon lòt fason.

Pèmèt Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) pou Ede ak Konstriksyon ki gen Rapò ak Pwogram Elve Laj la (Raise-the-Age): Pwolonje otorizasyon pou jwenn finansman pa obligasyon ak sèvis konstriksyon pou distri sèvis sosyal yo, depatman pwobasyon yo, ak òganizasyon san bi likratif k ap ofri sèvis plasman rezidansyèl pou jèn yo; pou finansman konstriksyon nouvo etablisman detansyon pwovizwa espesyalize sekirize ak/oswa reyamenaje etablisman detansyon pwovizwa jivenil ki la deja yo atan pou yo mete pwogram Elve Laj la an aplikasyon. Depans yo ka koute ant 10 milyon ak 50 milyon dola oswa plis.

Entèdi Itilizasyon sa yo rele Defans “Panik Omoseksyèl” ak “Panik Transeksyèl” yo: Repare fay ki gen nan lwa eta ki aktyèlman pèmèt moun itilize defans panik omoseksyèl ak transeksyèl yo aprè youn te atake lòt baze sou yon pèsèpsyon, oswa dekouvèt, sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl viktim lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)